



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 7/9/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KONFERANS SOU DEVLOPMAN REJYONAL DIRAB
AK GOUVÈNANS KOLABORATIF LA NAN BUFFALO**

Gouvènè an Ap Òganize Konferans Atravè Eta a Pandan Pwochen Mwa yo

*Gouvènè a Atire Atansyon sou Manyèl Entèaktif pou Gouvènman Lokal ak ONG
yo kòm yon Resous Miltisèvis pou Pwogram ak Sibvansyon Eta yo – Ki Disponib
nan <http://www.ny.gov/Growth>*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse jodi a, dezyèm konferans sou dirabilite rejyonal eta a, ki reyini ekspè devlopman kominotè yo, fonksyonè eli lokal ak dirijan biznis yo ansanm pou pataje siksè estrateji kwasans ekonomik yo nan Buffalo, NY. Konferans lan fè pati yon efò pou ranfòse konesans sou resous ki disponib nan tout eta a pou gouvènman lokal ak òganizasyon san bi likratif yo pou ede yo kreye kominote ki dirab atravè New York. Nan konferans rejonal la, Gouvènè an te mete aksan tou sou yon nouvo manyèl entèaktif ki sèvi kòm yon resous miltisèvis pou sibvansyon eta yo – ki bay kontèks ak lyen sitwèb jiska yon lis konplè plis pase 100 pwogram finansman inovatif.

Gouvènè Cuomo te di: “New York te pran yon apwòch inovatif pou ale nan devlopman ekonomik rejyonal – ki reyini tout nivo gouvènman yo ansanm pou konstwi yon avni ki pi briyan pou Buffalo ak chak kominote atravè eta a. Soti Canalside rive RiverBend, n ap obsève yon renesans ekonomik ki pran rasin epi depase tout atant pou pwogrè ak siksè nan Western New York. Konferans gouvènans kolaboratif sa ap konstwi bon travay sa lè l enfliyanse ekspèdiz moun ki gen enterè transvèsal pou rann vil ak eta sa pi vivab, pi divèsifye epi pi dirab pou jenerasyon k ap vini yo.”

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te di: “Gouvènè Cuomo te pwouve investisman ak kolaborasyon estratejik sa atravè fwontyè tradisyonèl yo ki ka etabli nouvo règ jwèt pou rejyon an epi montre egzanp lan tout koute ou obsève isit la nan Western New York. Sou lidèchip Gouvènè nou an, n ap investi pi plis pou kreye epi pwoteje travay, relanse kwasans nan nouvo sektè yo epi ranfòse kominote iben nou yo. Antanke yon moun ki soti nan Western New York ki te viv nan deklen an, rezilta jodi a yo enkontestab. Rejyon sa se yon modèl pou rès eta a ak peyi a swiv kounye a.”

Konferans Devlopman Dirab ak Gouvènans Kolaboratif lan fonde sou konferans 1999 Andrew Cuomo a lè li te Sekretè Lojman ak Devlopman Ibèn an, “Konble Fose a: Fè Rejyon yo Travay pou Tout Moun: Modifye Ajennda Federal la,” ki te envite ekspè yo ak inivèsité yo nan reyamenajman rejyonal, kwasans entèlijant, reyamenajman zòn ibèn yo

pou prezante lide yo, ki swivi pa diskisyon jeneral ant divès gwoup pati prenan yo.

Sou lidèchip Gouvènè Cuomo a, Eta New York ap bay priyorite a kolaborasyon kolateral ant ajans eta yo, gouvènman lokal yo, ak patnè kominotè yo pou pwodwi enpak kolektif maksimòm atravè jefò yo. Western New York se prensipal ekzanp apwòch sa ki kòmanse depi nan baz, ki te montre reyisit li atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo.

Jiska jounen jodi a, Eta New York te envesti apeprè \$5.6 milya dola nan Western New York pou fè objektif lojman ak devlopman ekonomik rejyon yo pwogrese, epi sipòte plan estratejik rejyon an. Nan ka sa, Buffalo te sibi yon renesans, ki transfòme li an yon sant iben dinamik ki an plen pwogrè. Depi jiyè 2010, Western New York te ajoute 30,600 djòb nan sektè prive a – yon ogmantasyon 5.8 pousan, ki fè kantite total djòb nan sektè prive a rive nan 555,100 djòb apatide jiyè 2016. Jodi a, to chomaj nan Western New York la te bese nan fason ki enpòtan – soti nan 8.5 pousan an jiyè 2010 pou pase a 4.9 pousan pandan menm peryòd la ane sa.

Nan konferans gouvènans kolaborativ la, konferansye ak tablewond yo te egzamine etid de ka yo, fè echanj sou meyè pratik yo epi diskite egzanp sou fason Eta New York ap kontinye sèvi kòm yon patnè nan kreyasyon kominote dirab epi entegre epi ranfòse efò devlopman ekonomik k ap ogmante yo. De ekspè devlopman dirab te fè diskou ki enpòtan:

- Parris Glendening, Prezidan Enstiti Smart Growth America's Leadership ak Ansyen Gouvènè Maryland (1995-2003), te pale sou fason lidè atravè peyi a ka eksplwate pouvwa estrateji kwasans entelijan yo pou ede rekonstwi ekonomi eta ak ekonomi lokal yo epi pwomouvwa devlopman alontèm nan 21^{yèm} syèk la.
- Robert Shibley, Pwofesè ak Dwayen, Lekòl Achitekti ak Planifikasyon UB a, te pase sou nouvo vag efò planifikasyon rejyonal la nan eta ak nan peyi a, ansanm ak efò revitalizasyon resan yo nan Western New York ki te poze fondasyon siksyè rejyon an genyen aktyèlman.

Patisipan yo enkli fonksyonè eli lokal yo, planifikatè, ekspè devlopman ekonomik, defansè lojman yo ak plis ankò. Konferans lan te mete aksan sou Inisyativ konpetisyon 100 milyon dola pou Revitalizasyon Anba Lavil Gouvènè Cuomo te lanse nan kòmansman ane sa. Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil lan ap bay 10 milyon dola a yonn nan kominote nan chak nan 10 rejyon nan eta yo pou yo fè jefò reyamenajman anba lavil yo a pwogrese. An plis, tout pwojè reyamenajman anba lavil yo ap resevwa pwèn ekstra atravè pwosesis Aplikasyon pou Finansman Konsolide ant Ajans Gouvènè an. Majistra Jamestown, NY, Samuel Teresi te prezante nan konferans lan, aplikasyon vil li a ki te genyen an.

Lòt pwogram dirabilite ak devlopman ki te kòmanse oubyen refòme pandan sis dènye ane yo sou gouvènman Gouvènè Cuomo yo genyen ladan yo:

- Plan Dirabilite Rejyonal Ki Pi Pwòp, Pi Vèt
- Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo
- Lwa sou Bank Fonsye pou konvèti pwopriyete ki vid yo
- Lejislasyon pou konbat pwopriyete abandone yo
- Konplete inisyativ konsepsyon Wout yo
- Inisyativ Revitalizasyon Pati Nò Eta a
- Prezèvasyon Tèren Fèm Hudson Valley yo ak
- Endistri Agrikòl Rejyon Southern Tier a
- Pwogram Amelyorasyon yo
- Kominote ki itilize Enèji Pwòp
- Refòm Devlopman Brownfield
- Prezèvasyon Istorik Kredi Enpo
- Sibvansyon Kominote ki gen Pwodiktivite Dirab yo
- Lwa sou Rezistans ak Risk Kominote an

Senatè Tim Kennedy te di: “Lè n ekipe gouvènman, biznis ak òganizasyon ki pa pou pwofi nou yo ak konesans ak resous yo bezwen pou ankouraje kwasans lokal la, sa enpòtan pou siksè ekonomik vil ak rejyon nou an. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pa sèlman pou envestisman san parèy li nan Western New York, men pou angajman l nan kontinye entegre devlopman ak opòtinite lè l lanse konvèsasyon tankou sa ki nan konferans jodi a.”

Palmantè Sean Ryan te di: “Genyen yon gran varyete pwogram finansman inovan minisipalite yo ka itilize atravè New York. Kwasans ekonomik nou te obsève nan Buffalo ak nan eta a te remakab, e pifò nan reyisit la te fèt akoz pwogram tankou pwogram Istorik Kredi Enpo a ak pwosesis REDC a. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li lanse evènman enpòtan sa e pou angajman l nan kwasans ekonomik nan Western New York.”

Majistra Byron W. Brown te di: “Depi nan kòmansman an, Devlopman Dirab ak Gouvènans Kolaborativ se te objektif administrasyon mwen an. Nou te travay pou mete anplas Plan Konplè pou reòganize Buffalo pou 21^{yèm} Syèk la, epi ajoute anpil lè nan Kòd Vè Buffalo a – premye kòd zonaj konplè vil la ki re-ekri nan 62 zan. Ansanm, pwojè planifikasyon sa yo konbine ak patenarya nou an ak administrasyon Cuomo a, ap kontinye mennen pwogrè nan Buffalo antanke youn nan vil ki pi gwo nan mond lan, yon vil ki ofri yon avni ki briyan pou rezidan aktyèl ak rezidan fiti li yo.”

Kad Egzekitif Konte Erie, Mark Poloncarz te di: “Transfòmasyon ki fèt nan Buffalo ak Konte Erie a pa t ap ka fèt san lidèchip Gouvènè Cuomo, e mwen remèsye l pou vizyon ak angajman li nan zòn nou an. Yon lòt fwa ankò n ap atire biznis lè n ap chèche pwofite de ekonomi k ap devlope nou an, mentni etidyan ak travayè nou yo pou yo patisipe nan renesans ekonomi nou an, epi fè pale de kominote nou vin tounen an ansanm ak kominote n ap konstwi pou demen an. Se yon nouvo jou pou Konte Erie, ak nouvo enèji ak yon atansyon sou lavni.”

Parris Glendening, Prezidan Enstiti Smart Growth America’s Leadership e ansyen

Gouvènè Maryland te di: “New York ap tounen rapidman, modèl sou fason sipò, oryantasyon ak resous eta yo ka pèmèt li atenn objektif devlopman ekonomik ak pwosperite dirab.”

Robert Shibley, Pwofesè ak Dwayen Lekòl Achitekti ak Planifikasyon UB te di: “Nou te fè gran pwogrè pandan dènye ane ki pase yo nan Buffalo ak Western New York. Ak sipò solid Gouvènè a, nou konstwi plizyè deseni planifikasyon, aksyon sivil, lidèchip minisipal ak patenarya komèsyal inovan ki fè nou prè pou nou fè bon an avan k ap reyalize kounye a.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418